



Prepare lavni pou fanmi w.

Chak 10 lane, Resansman an konte tout moun k ap viv Etazini. Li enpòtan pou w konte tout moun k ap viv lakay ou, yon fason pou asire w kominote w la ak lòt kominote nan tout nasyon an jwenn finansman egzak e byen reprezante pou dis (10) pwochen lane ki gen pou vini yo.

Konte tout moun, soti nan granpapa rive nan ti bebe ki fèk fèt.

Nenpòt moun k ap viv lakay ou, asire w ou konte tout nan resansman 2020 an. Sa gen ladan l granparan, timoun piti, timoun fwaye dakèy, ak moun ki pa fanmi w k ap viv avè w. Enfòmasyon yo jwenn nan resansman an pral ede nan distribiye plis pase 675 milya dola nan fon federal yo chak ane. Sa gen ladan l lajan pou bagay tankou:

- > sèvis sekouris
- > Kantin eskolè
- > Asirans Medicare ak Medicaid
- > Èd pou adopte timoun
- > Pwogram asistans ak manje
- > Bibliyotèk ak sant kominotè

Repons ou yo pwoteje.

Enfòmasyon pèsònèl ou yo ap rete konfidansyèl selon lalwa. Repons ou yo ka itilize sèlman pou rezon estatistik. Otorite ki plase pou fè respekte lwa yo pa ka gen aksè a repons ou yo pou kèlkeswa rezon an. Epitou, pèsòn pa ka sèvi ak repons ou yo pou decide si w elijib pou w jwenn yon seri avantaj nan men gouvènman an.

Fanmi w ka ede w reponn

Fòmilè resansman an disponib sou entènèt an Anglè ak 12 lòt lang ankò. Si w pa pale youn nan lang sa yo, yon lòt moun lakay ou ka ranpli fòmilè an pou tout moun ki nan kay la. Si granmoun ki nan kay la pa pale youn nan lang sa yo, yon moun ka tradui pou ou. Sa gen ladan l yon timoun ki nan kay la oswa yon zanmi.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

2020CENSUS.GOV/ht

D-OP-BL-HC-479

**Prepare
Avni W**
KÒMANSE ISIT LA >

United States®
Census
2020